

BAHASA SUNDA

Kalimah Pagawéan Aktif jeung Pasif

- **Kalimah aktif** nyaéta kalimah anu jeurna migawé hiji pagawéan. Kecap pagawéan aktif biasana dimimitian ku rarangkén n-, m-, ny- atau nga-.
- **Kalimah pasif** nyaéta kalimah anu jeurna kakeunaan ku pagawéan. Objék kalimah aktif robah jadi subjek dina kalimat pasif, contohnya **meuli** jadi **dibeuli**. Kecap pagawéan pasif biasana ditambah rarangkén di-.
- Pék tengetan conto kalimah pagawéan aktif jeung pasif dihandap!

No	Kalimah Pagawéan Aktif	Kalimah Pagawéan Pasif
1.	Ujang meuli buku jeung patiot ti warung ti Uyu.	Buku jeung patiot dibeuli ku Ujang ti warung di Uyu.
2.	Ucing ngégél cucuk lauk.	Cucuk lauk digégél ku ucing.
3.	Ucing ngudag beurit ka pipir.	Beurit diudag ucing ka pipir.
4.	Hayam macokan réméh di buruan.	Réméh dipacokan hayam di buruan.
5.	Heulang eunteup dina dahan manglid.	Dahan manglid dieunteupan heulang.
6.	Asép méré duit ka Engkus.	Engkus dibéré duit ku Asép.
7.	Neneng noél leungeun Maya.	Leungeun Maya dinoél ku Neneng.
8.	Taman ngajual comro.	Comro dijual Taman.
9.	Dani ngadahar bala-bala.	Bala-bala didahar ku Dani.
10.	Lili ngahirupan mesin motor.	Mesin motor dihirupan ku Lili.

Nangtukeun kalimah pagawéan aktif jeung pasif

Hidep geus mikawanoh kecap pagawéan aktif jeung pasif. Ayeuna nangtukeun kalimah- kalimah di handap, kaasup kalimah pagawéan aktif atawa pasif, béré tanda ceklis (✓)!

No	Kalimah	Kalimah Pagawéan Aktif	Kalimah Pagawéan Pasif
1.	Baju nuju diseuseuh ku ibu.		
2.	Dina keur meuli sayur di pasar		
3.	Barudak keur ngangon domba di kebon		
4.	Got keur diberesihan ku warga.		
5.	Wayang keur dilalajoan ku barudak.		
6.	Aki nuju tuang seupan boled		
7.	Langlayangan keur diboro ku Adi.		
8.	Ratih keur dahar roti		
9.	Surat ijin keur diserat ku Sinta.		
10.	Kuring keur lalajo berita dina TV		